

Sonje: Verifye lis sa a avan ni operasyon oswa pwosedi ou an oswa pa pitit ou an!

Kijan pou prepare ni ou menm oswa pitit ou an avan operasyon oswa pwosedi an.



Vini ak lis tout medikaman yo alekri tankou medikaman ki vann san preksripsyon yo. Ou kapab vini ak resi famasi yo, foto boutèy yo oswa yon fich medikal enprime biwo doktè an bay.



Èske ou menm oswa pitit ou an ap genyen linèt pandan jounen operasyon an/pwosedi an. **Pa mete oswa pa kite pitit ou an mete lanti kontak.**



Fè aranjman ni pou ou menm oswa pitit ou an pandan n ap kite lopital lan. **Nou pa rekòmande pou pran transpò Piblik.**



Retire tout makijaj ak vèni sou ou menm oswa pitit ou an.



Retire tout bijou, tankou pèsin nan kò, sou ou menm oswa pitit ou an.

Nan jou operasyon an oswa pwosedi an.

- **Nou pa ou konsèy vini ak frè/sè** nan lopital lan pandan jou operasyon an/pwosedi an.
- **Konsantman pou fè operasyon an/pwosedi an paran oswa responsab legal lan dwe siyen li** si timoun lan oswa adolesan an gen mwens pase 18 lane.
- Yo pran **yon echantiyon pipi** lakay pasyan fanm yo ki gen plis pase 12 lane yo. Pasyan fanm ki gen mwens pase 12 lane yo ki te gen règ yo pral gen bezwen bay yon echantiyon pipi tou. Yo itilize echantiyon yo pou fè tèsgwosès.

Kontakte nou

Klinik Kowòdinasyon Swen Avan Operasyon, Kanpis Boston

617-355-3765

Vini inèdtan edmi (1.5) avan pwosedi an

Jou Operasyon an, Kanpis Boston

617-355-7921

Vini inèdtan edmi (1.5) avan pwosedi an

Sant Operasyon an, Kanpis Waltham

781-216-1285

Vini inèdtan edmi (1.5) avan pwosedi an

Sant Operasyon an, Kanpis Lexington

781-216-3000

Vini inèdtan (1) avan pwosedi an

Inite Pwosedi Gastwoentewoloji (Gastroenterology Procedure Unit, GPU), Kanpis Boston

617-355-6172

Radyoloji Entèvansyon, Kanpis Boston

7:30am-4:30pm: 617-355-6579

Vini inèdtan edmi (1.5) avan pwosedi an

Radyoloji (MRI, CT ak Medsin Niklyè)

8am-6pm: 617-919-7226

Klinik Preparasyon pou Operasyon, Kanpis Boston

8:30am- 4pm: 617-355-6095

4:30pm-7:30pm: 617-355-0030

Aprè 7:30pm: 617-355-6363 epi mande pou yo bipe Espasyalis Kè a

MRI Kadyak, Kanpis Boston

8am-4pm: 617-355-6024

4pm-7:30pm: 617-355-0032

Aprè 7:30pm: 617-355-6363 epi mande pou yo bipe Espasyalis Kè a

**Gid pou Manje ak Bwè
Avan yon Operasyon
oswa Pwosedi**

Machasuiv NPO



Where the world comes for answers

617-355-6000
617- 730- 0152 (TTY)
www.childrenshospital.org

Machasuiv pou Manje ak Bwè

Avan yon operasyon oswa pwosedi, yo pa otorize pou manje ak bwè pandan kèk peryòd tan. **Suiv direksyon yo bay nan bwochi sa byen pou ka prepare tèt ou oswa pitit ou an.**

Poukisa ni mwen menm oswa pitit mwen an pa kapab manje oswa bwè avan yon operasyon oswa pwosedi?

Sa se pou asire ni ou menm oswa pitit ou an san danje pandan operasyon an oswa pwosedi a. Manje ak bwason - tankou likid, manje konsistan ak lèt matènèl - kosantre nan lestomak lan. Nan moman ou menm oswa pitit ou an ap dòmi, manje ak likid yo kapab remonte nan lestomak lan epi rantre nan poumon yo. Sa kapab lakoz nemoni.



Etdone manje yo sikile nan lestomak lan nan plizyè rit, li enpòtan pou suiv machasuiv ki gen nan bwochi sa a ki pale sou manje ak bwè avan yon operasyon oswa yon pwosedi.

Kisa k ap rive si mwen menm oswa pitit mwen an manje oswa bwè aprè lè doktè an te bay lan?

Si ou menm oswa pitit ou an manje oswa bwè aprè lè yo bay lan, **operasyon an oswa pwosedi an kapab gen reta oswa anile li.**

Ki kalite likid klè ki genyen?

Ni ou menm oswa pitit ou an kapab pran likid klè yo jiska **inèdtan (1)** avan pwosedi an oswa tès lan.

Likid klè yo gen ladan li:

- Dlo nòmal
- Dlo sikre
- Ji pòm (SE PA sid)
- Pedyalit Klè
- Yo aksepté bwason gazez klè yo



Kalandriye pou Manje ak Bwè:

- × Kanpe sou manje konsistan ak lèt apati **minui** avan operasyon/pwosedi an
- × Kanpe sou tout lèt **6 èdtan** avan èdtan operasyon an/pwosedi an
- × Kanpe sou tout lèt **4 èdtan** avan èdtan operasyon an/pwosedi an
- × Kanpe sou tout likid klè **inèdtan (1)** avan èdtan operasyon an/pwosedi an



Nenpòt nivo manje an pwès lan, tankou manje ki rele *Simply Thick* oswa *Thick-It*, dwe kanpe **6 èdtan** avan operasyon an.

Kalandriye pou Manje ak Bwè nan Tib Alimantasyon (G-Tubes):

- × Kanpe sou tout lèt **6 èdtan** avan èdtan operasyon an/pwosedi an
- × Kanpe sou tout likid klè **inèdtan (1)** avan èdtan operasyon an/pwosedi an

Pou pasyan Waltham yo:

Pou konnen jou ak èdtan operasyon/pwosedi ou an oswa pitit ou an, tanpri kontakte klinik ou an ki nan do bwochi sa a.

Pou tout lòt pasyan yo:

Klinik ou an pral rele ou pou fè ou konnen dat ak èdtan operasyon/pwosedi ou menm lan oswa pitit ou an.

Nòt

Ekri tout nòt oswa kesyon ou kapab genyen yo la.
